



STATE OF NEW YORK | EXECUTIVE CHAMBER

ANDREW M. CUOMO | GOVERNOR

Pou Piblikasyon Imedya: 19 me 2014

GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE \$27.5 MILYON POU PWOGRAM TRAVAY POU JÈN MOUN PANDAN ETE A

Bourad Lajan pral Ede Plis Pase 18.000 Tinedyè Rantre sou Mache Travay la

Gouvènè Andrew M. Cuomo jodi a te anonse gen plis pase 18.000 jèn moun ki soti nan fanmi ki pa gen mwayen eki pral fè bon esperyans travay epi resevwa yon chèk yo bezwen anpil grasa Pwogram Travay pou Jèn Moun pandan Ete Eta New York la. Pwogram nan konekte patisipan ak dyòb epi ede yo jwenn konpetans y ap ka itilize nan lekòl ak lòt kote.

“Ede jèn Nouyòkè jwenn bon dyòb pandan ete pral ogmante chans yo epi pèmèt yo fè bon esperyans travay pandan y ap pare tèt yo pou travay fiti,” te deklare Gouvènè Cuomo. “Lè nou konstri yon mendèv kalifye, n ap ranfòse ekonomi New York jounen jodi a pandan n ap bay jèn Nouyòkè atravè eta a yon chans pou yo gen yon bèl avni.”

New York State Office of Temporary and Disability Assistance (OTDA) ap distribiye \$27.5 milyon atravè eta a pou finanse Pwogram Travay pou Jèn Moun pandan Ete a. Jèn moun ki nan pwogram nan pral travay nan kote tankou distri lekòl, pak, nursing home, kan dete, òganizasyon kap okipe timoun, sant pou vye granmoun ak sant lwazi kominotè.

Delege OTDA, Kristin M. Proud ,te di konsa, “Pwogram Travay pou Jèn Moun pandan Ete a ofri jèn moun ki soti nan fanmi ki pa gen mwayen plizyè karyè nan diferan domèn. Esperyans sa pral ede yo jwenn konesans, konpetans ak konfyans pandan y ap konsidere karyè pwofesyonèl yo.”

Biznis kap patisipe pou kounye a nan Pwogram Travay pou Jèn Moun pandan Ete a nan avantaj alafwa etidyan ak patwon, mete sou sa kèk tinedyè ap travay nan pozisyon fultaym apre pwogram yo a fini.

Direktè Egzekitif Five Towns Community Center nan Konte Nassau, Bertha Pruitt, te di konsa, “Jèn moun vreman bezwen chans sa pandan ete a pou yo fè lajan pou inifòm lekòl ak kèk lòt depans. Kèk fwa nou pran timoun yo ankò nan travay la, menm lè yo granmoun. Nou konnen jan yo travay epi nou konnen istwa yo epi nou kapab evalye yo.”

Courtney Mrowczynski, Kowòdinatè Resous Imèn nan The Friendly Home nan Rochester, kap bay swen pou vye granmoun, te di konsa, “Nou wè jèn moun yo grandi epi devlope bon konpetans pwofesyonèl tankou jesyon tan, travay ansanm ak lòt moun ak konstwi relasyon ak moun. Nou gen jèn moun ki kenbe rezidan nou yo konpayi, patisipe nan aktivite rekreyatif, epi travay dèyè sèn nan zòn tankou sèvis manje, lave rad ak netwayaj lakou. Nou kontan ede nan devlopman pwofesyonèl yo atravè fòmasyon ak esperyans travay pratik n ap ba yo. Pou kounye a, nou anpwaye de nan jèn moun pwogram nan kòm anpwaye pat-taym Friendly Home. |”

Pou kalifye pou pwogram nan, patisipan dwe gen ant 14 ak 20 lane, epi revni total fanmi an fèt pou l anba 200 pousan nivo povrete federal la. Paregzanp, revni pou yon fanmi twa moun fèt pou l pi ba pase \$39.060 pou yon ane.

Moun ki kalifye epi enterese pou yo patisipe dwe kontakte depatman sèvis sosyal ki nan zòn pa yo. Pou jwenn kijan, ale sou sit entènèt OTDA sou <http://otda.ny.gov/workingfamilies/dss.asp>.

Men lis kantite kòb bourad lajan pou lane 2014 la:

Konte	Kantite lajan pou lane 2014
Albany	\$440,119
Allegany	\$135,119
Broome	\$343,325
Cattaraugus	\$165,865
Cayuga	\$115,588
Chautauqua	\$252,489
Chemung	\$138,561
Chenango	\$90,852
Clinton	\$154,608
Columbia	\$64,167

Cortland	\$118,152
Delaware	\$83,276
Dutchess	\$314,249
Erie	\$1,207,092
Essex	\$54,976
Franklin	\$92,577
Fulton	\$84,390
Genesee	\$72,870
Greene	\$74,358
Hamilton	\$7,005
Herkimer	\$95,796
Jefferson	\$209,180
Lewis	\$48,364
Livingston	\$125,146
Madison	\$124,447
Monroe	\$1,011,857
Montgomery	\$72,121
Nassau	\$729,842
Niagara	\$279,842
New York City	\$14,453,761
Oneida	\$313,510

Haitian Creole

Onondaga	\$691,262
Ontario	\$116,170
Orange	\$411,661
Orleans	\$61,241
Oswego	\$258,106
Otsego	\$150,997
Putnam	\$45,485
Rensselaer	\$207,796
Rockland	\$279,648
St. Lawrence	\$300,484
Saratoga	\$163,189
Schenectady	\$164,235
Schoharie	\$64,235
Schuyler	\$31,712
Seneca	\$70,627
Steuben	\$158,709
Suffolk	\$957,538
Sullivan	\$119,218
Tioga	\$70,771
Tompkins	\$383,428
Ulster	\$218,779

Warren	\$76,514
Washington	\$69,395
Wayne	\$112,179
Westchester	\$737,924
Wyoming	\$61,237
Yates	\$43,956

###

Wa p jwenn lòt nouvèl nan sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Executive Chamber | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418